

**RANCANGAN UPACARA
PENGETAN INGGANG KAPING-271
HADEGING DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA**

1. WEKDAL SAHA SASANA

- | | |
|-----------------|--------------------------------|
| a. Dinten | : Jumat Wage |
| b. Surya Kaping | : 13 Maret 2026 |
| c. Wekdal | : 08:00 WIB |
| d. Sasana | : Instansi piyambak – piyambak |
| e. Ageman | : Jawa Gagrak Ngayogyakarta |

2. RANTAMAN ADICARA

- a. Adicara Cecawis
 - 1) Pandhega Upacara mapan lumebet wonten ing sasana upacara, Bregada kasiyagaken;
 - 2) Pandhega Upacara tumunten mranata Bregada Upacara;
 - 3) Penghageng Upacara miyos saking dalem palereman jumeneng mapan wonten ing madyaning sasana upacara.
- b. Adicara Purwaka
 - 1) Kormating Manggala Upacara dhumateng Penghageng Upacara;
 - 2) Palapuran Manggala Upacara dhumateng Penghageng Upacara;
- c. Adicara Inti
 - 1) Kormating Bregada Upacara dhumateng Penghageng Upacara;
 - 2) Palaporan Pandhega Upacara dhumateng Penghageng Upacara;
 - 3) Nembangaken Lagu Kebangsaan Indonesia Raya;
 - 4) Ngeningaken cipta kapimpin dening Penghageng Upacara kairing hymne mengheningkan cipta;
 - 5) Maosaken Sujarah Daerah Istimewa Yogyakarta dening Paraga Upacara;
 - 6) Sabda pangandika Penghageng Upacara;
 - 7) Pamuji Donga;
 - 8) Palapuran Pandhega Upacara dhumateng Penghageng Upacara;
 - 9) Kormating Bregada Upacara dhumateng Penghageng Upacara.
- d. Adicara Pungkasan
 - 1) Upacara paripurna, Penghageng Upacara jengkar saking sasana upacara
 - 2) Palapuran Manggala Upacara dhumateng Penghageng Upacara;
 - 3) Kormating Manggala Upacara dhumateng Penghageng Upacara.

3. CATHETAN : Adicara migunakaken basa jawa

**TATA UPACARA PENGETAN INKGANG KAPING-271
HADEGING DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
SURYA KAPING 13 MARET 2026**

NO	ADICARA	KATRANGAN PRANATA ADICARA	KAGIATAN-KAGIATAN	KATRANGAN KAGIATAN
	ADICARA CECAWIS			
1	- Sedaya Paraga Upacara lan Bregada Upacara siyaga	UPACARA PENGETAN INGKANG KAPING KALIHATUS PITUNG DASA SETUNGGAL (271) HADEGING DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA WARSA 2026 SIYAGA KAWIWITAN	- Sedaya Paraga Upacara lan Bregada Upacara sampun siyaga wonten ing sasana upacara	
2	- Bregada Upacara lumbet sasana upacara		- Lumbeting Bregada Upacara	

NO	ADICARA	KATRANGAN PRANATA ADICARA	KAGIATAN-KAGIATAN	KATRANGAN KAGIATAN
3	- Lumbeting Pandhega Upacara wonten ing sasana upacara	PANDHEGA UPACARA MAPAN LUMEBET WONTEN SASANA UPACARA, BREGADA KASIAGAKEN	- Bregada Upacara kapundhut Pandhega Upacara - Pandhega Bregada Ageng mapan sakjuru-juru - Gladhen pakurmatan Bregada Upacara	- Pandhega Bregada Ageng: "SIYAGA YITNA...GYA" - Pandhega Upacara: "BREGADA KAPUNDHUT, PANDHEGA BREGADA AGENG MAPAN SAKJURU-JURU...GYA" - Pandhega Bregada Ageng: "SENDIKA" - Pandhega Upacara: "GLADHEN PAKURMATAN, KURMAT...GYA" "JEJEG...GYA" "NGASO PAPAN...GYA"
4	- Penghageng Upacara miyos saking dalem palereman		- Penghageng Upacara tumuju sasana upacara	

NO	ADICARA	KATRANGAN PRANATA ADICARA	KAGIATAN-KAGIATAN	KATRANGAN KAGIATAN
5	ADICARA PURWAKA - Palapuran Manggala Upacara dhumateng Penghageng Upacara		- Manggala Upacara kormat dhumateng Penghageng Upacara - Palapuran Manggala Upacara dhumateng Penghageng Upacara	- Manggala Upacara: “UPACARA PENGETAN INKGANG KAPING KALIHATUS PITUNG DASA SETUNGAL (271) HADEGING DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA WARSA 2026, SIYAGA” - Penghageng Upacara: “KATINDAKNO” - Manggala Upacara: “SENDIKA”
6	- Penghageng Upacara miyos	 MINANGKA PANGHAGENG UPACARA MAPAN WONTEN ING MADYANING SASANA UPACARA	- Penghageng Upacara jumeneng mapan wonten ing madyaning sasana upacara	

NO	ADICARA	KATRANGAN PRANATA ADICARA	KAGIATAN-KAGIATAN	KATRANGAN KAGIATAN
	ADICARA INTI			
7	- Pakurmatan dhumateng Panghageng Upacara	PAKURMATAN DHUMATENG PANGHAGENG UPACARA	- Bregada Upacara kormat dhumateng Penghageng Upacara	- Pandhega Upacara: “DHUMATENG PENGHAGENG UPACARA KORMAT...GYA” - Pandhega Upacara: “JEJEG...GYA”
8	- Palapuran Pandhega Upacara dhumateng Panghageng Upacara	PALAPURAN PANDHEGA UPACARA	- Palapuran Pandhega Upacara dhumateng Panghageng Upacara	- Pandhega Upacara: “UPACARA PENGETAN INGKANG KAPING KALIHATUS PITUNG DASA (271) HADEGING DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA WARSA 2026, SIYAGA” - Penghageng Upacara: “KATINDAKNO” - Pandhega Upacara: “SENDIKA”

NO	ADICARA	KATRANGAN PRANATA ADICARA	KAGIATAN-KAGIATAN	KATRANGAN KAGIATAN
9	- Nembangaken Lagu Kebangsaan Indonesia Raya	NEMBANGAKEN LAGU KEBANGSAAN INDONESIA RAYA	- Sedaya nembangaken Lagu Kebangsaan Indonesia raya	
10	- Ngeningaken cipta	NGENINGAKEN CIPTO DIPUN PANGARSANII DENING PENGHAGENG UPACARA	- Sedaya ngeningaken cipta kapimpin dening Penghageng Upacara kairing hymne mengheningkan cipta	- Penghageng Upacara: Ngeningaken cipto kawiwitan - Penghageng Upacara: Ngeningaken cipta cekap
11	- Paraga Upacara maos Sujarah Daerah Istimewa Yogyakarta	SUJARAH DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA BADHE KAWAOSAKEN DENING PARAGA UPACARA	- Paraga Upacara maju maosaken Sujarah Daerah Istimewa Yogyakarta	

NO	ADICARA	KATRANGAN PRANATA ADICARA	KAGIATAN-KAGIATAN	KATRANGAN KAGIATAN
13	- Sabda pangandika Panghageng Upacara	SABDA PANGANDIKA PANGHAGENG UPACARA	- Penghageng Upacara maosaken sambutan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta	- Penghageng Upacara: "BREGADA NGASO PAPAN" - Pandhega Upacara: "NGGÈH SENDIKA" - Pandhega Upacara: "NGASO PAPAN...GYA" - Pandhega Upacara: "SIYAGA YITNA...GYA"
14	- Pamuji donga	PAMUJI DONGA	- Paraga Upacara maju maosaken teks donga	
15	- Palapuran Pandhega Upacara dhumateng Panghageng Upacara	PALAPURAN PANDHEGA UPACARA DHUMATENG PANGHAGENG UPACARA	- Pandhega Upacara maju caos palaporan dhumateng Panghageng Upacara	- Pandhega Upacara: "UPACARA SAMPUN KATINDAKAKE, PALAPORAN CEKAP" - Penghageng Upacara: "BREGADA DIBUBARAKE" - Pandhega Upacara "SENDIKA"

NO	ADICARA	KATRANGAN PRANATA ADICARA	KAGIATAN-KAGIATAN	KATRANGAN KAGIATAN
	ADICARA PUNGKASAN			
16	- Pakurmatan dhumateng Panghageng Upacara	PAKURMATAN DHUMATENG PANGHAGENG UPACARA	- Bregada Upacara kormat dhumateng Penghageng Upacara	- Pandhega Upacara: "DHUMATENG PENGHAGENG UPACARA KORMAT...GYA" - Pandhega Upacara: "JEJEG...GYA"
17	- Upacara paripurna	PANGHAGENG UPACARA KAPARENG JENGKAR SAKING SASANA UPACARA	- Panghageng Upacara tumuju wonten ing papan ingkang sampun kasiapaken	
18	- Palapuran Manggala Upacara		- Manggala Upacara caos palaporan dhumateng Penghageng Upacara - Manggala Upacara kormat dhumateng Penghageng Upacara	- Manggala Upacara: "UPACARA SAMPUN KATINDAKAKE, PALAPORAN CEKAP" - Penghageng Upacara: "BREGADA DIBUBARAKE" - Manggala Upacara: "SENDIKA"

NO	ADICARA	KATRANGAN PRANATA ADICARA	KAGIATAN-KAGIATAN	KATRANGAN KAGIATAN
19	- Upacara paripurna Pandhega Upacara bubaraken Bregada Upacara	UPACARA AGUNG PENGETAN INKGANG KAPING KALIHATUS PITUNG DASA (271) HADEGING DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA WARSA 2026	- Pandhega Upacara bubaraken Bregada Upacara	- Pandhega Upacara: - “UPACARA PARIPURNA, BREGADA DIBUBARAKE” - Pandhega Brega Ageng “SENDIKA”

